ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№86 (23.494) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ «Урысейм и гъущІ гъузэгухэмрэ» я зэдэлажьэныгъэм зеубгъу. КІуэкІуэ Ю. А. хуэзащ а ззэцухьэныгъэм и президентым и чэнджэщэгъу, Іуэхугъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуауэ щыІэ Гапанович Валентин.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ республикэм и Май районым щауху «Этана» урысей-китай промышленнэ комплексым и транспорт логистикэр зэтегъэувэным, Налшык къалэм гъущІ гъузэгу транспортымкІэ хьэльэхэр зэрыщызэрашэр гъэтэмэныным, гъущІ гъузэгу къалащхьэм дэхьным яплъыщІа Іуэхухэм.

КІуэкІуэ Ю. А. «Урысейм и гъущІ гъузэгухэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІуахэрэ Кавказ Ищхьэрэм и гъущІ гъузэгухэмрэ я унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ Налшык къалэм щыІэ 20-нэ гъущІ гъузэгу зекІуапІэмрэ абы телъ лъэмыж ныкъуэкъутэмрэ зэхуэщІыжьныкІэ акъыпэгъу зэрыхьуам папщІэ. КЪБР-м и Іэтащхьэм жиІащ проектхэр зэщІыгъуу гъэзэщІэным хузгъэзэуэ лъэныкъуитым я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдапхъэу къыщэрилъытэр.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ КЪБР-м транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къудей А. М., «Урысейм и гъущІ гъузэгум» акционер зэгухьэныгъэ зэІуахэм и Іуэхущ1апІэм - Кавказ Ищхьэрэ гъущІ гъузэгум и инженер нэхъыщхьэ Задорин С. А. сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къапыкІыну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэгъэзэгъэжьыныкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкІа Указ №943-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къапыкІыну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэгъэзэгъэжьыныкІэ щыІэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къапыкІыну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэгъэзэгъэжьыныкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр хэщІэным и Іуэхуі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкІа Указ №943-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Тату Къ. Б. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарыр (Комиссэм и тхьэмадэщ)»;

б) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Емкъуж А. Хь.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 5-м
№71-УГ

● КЪБР-м и Парламентым

УФ-м и дэфтэр нэхъыщхьэр иратащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэмрэ къалэ округхэмрэ щыщ еджакІуэ 30-м щІигъу хэтащ «Урысейм дрицІыхущ!» Іуэхум. Абыхэм Урысей Федерацэм и цІыхум и дэфтэр нэхъыщхьэр - паспортыр - КЪБР-м и Парламентым щратащ.

МЫХЬЭНЭ зиІэ а ІуэхугъэшхуэмкІэ щІалэгъуалэм ехъуэхуащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, абы и ныэдзэ **Жанатаев Сэлим**, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщакіэ ЗэщІэузэда къарухэмрэ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд**, Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэта **Махуэлі Алим**, КЪБР-м и МВД-м и лэжьакІуэ **Ащхьуэт Аслъэн**.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьыныгъэ цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ, зэхьыхьэр къызэгъэпэщыныр зи жэрдэм **Пащты Борис**, КЪБР-м и Парламентым и депутат, Афган зауэм хэтахэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Тхьэгъэлэдж Тимур**.

Егоровэ Татьянэ ныбжьыщІэхэм щехъуэхъум, къыхиГэщащ Урысей Федерацэм и цІыхум и паспортым къарит хуитныныгъэм хуэдэкІуэу, жэуаплныгъи абы зэрыщІыгъур.

- Еджэным, спортым, жылагъуэ Іуэхум хуэжьыджэр ныбжьыщІэхэр ди мащІэкъым. ИкІи тхужьІэнчуэ гъузэгу пэж фызэзрытетыр. АрщхьэкІэ ар иджыри фи зэфІэкІым и щІэдзапІэ къудейщ. Сэ си фІэщ мэхъу фи ехъулІэныгъэм къызэрыхъхъуэнур, ар политикэ, щэнхабзэ, спорт, щІэныгъэ Іуэхуу щырыети. Гугъуехьхэм емылъытауэ, ди къэралыр лъэщщ икІи абы зиужь зэпытщ. Дауи, ар нэхъыбэу зи фІыщІэр нэхъыжьхэрщ - я псэ емыблэжу Хэкур къэзыІэтахэрщ, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

Апхуэдэуи Егоровэм къыхиГэщащ Урысейм щыпсэухэм я махуэшхуэ нэхъ лъапІэ дыдэм - Текіуэныгъэ Иным и махуэм - ирихьэлІэу паспортхэр ныбжьыщІэхэм зэрыратми и мыхьэнэм зэрыхигъахьуэр. ЩІалэгъуалэм ар ехъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм хэта я адэшхуэм яхуэфащэну.

НыбжьыщІэхэр дихьэхыу едэІуащ Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэта Махуэлі Алим къажриам. Махуэлір паракшют-десант полк щхьэхуэм и 345-нэ ротэ цІэрыІуэм и командиру щытащ икІи зэи къэхуэакъым абыхэм я къалэныр щамыгъэззщІа.

ЕджакІуэхэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ Жанатаев Сэлим, Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд, Ащхьуэт Аслъэн сыми. НыбжьыщІэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ фІыщІэ хуащІащ Іуэхур къыззэгъэпэщахэм.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

● Политикэ партхэм

Правительствэм и отчётым къыщыгъэлъэгъуахэр «Урысей зэкъуэт» партым и программэм пэгъунэгъущ

УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ, «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Медведев Дмитрий къигъэува къалэнхэм я гугъу щищІым партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ, республикэ исполкомым и унафэщІ Парафилов Дмитрий къыхигъэщхьэхуКІащ а къалэнхэр «Урысей зэкъуэт» партым хэхьыныгъэм ирихьэлІэу игъэхьэзырауэ щыта программэм зэрытехуэр.

«ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Унафэщ1ым къигъэува къалэнхэр икъукІэ зи чэзуц, абыхэм наІуэу къыхощ социально-экономикэ зыужьыныгъэр щІэгъэхуэбжьынымкІэ лэжьыпхъэхэр, нэхъ мащІэ дыдэу ят лэжьапщІэр цІыхур псэун папщІэ зыхуейм нэгъэсыныр, мэкъумэшыщІэхэм ират дэІепыкъуныгъэм хэгъэхъуэныр. Псом хуэмыдэу иужьрей Іуэхум мыхьэнэхуэу щиІащ мэкъумэш хозяйствэр зи Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым», - жиІащ Парафилов Дмитрий.

ПЕЧОНОВ Владилен.

ЩІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ къэралыр зытелажьэр

Иджыблагъэ Налшык къалэм щекІуэкІащ «Къэралым и Іуэхущ1апІэм и политикэр пхыгъэкІынымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2017 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №597-м къыгъэувэжэр гъэзэщІэныныкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я зи чэзу зэІуищІэр. Абы кърихьэлІащ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я лыкІуэхэр, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакІуэхэр.

УКАЗЫМ къыззэрыщыгъэлъэгъуам тету, социальнэ Іэнатіэм пэрыт лэжьакІуэ гуп щхьэхуэхэм я лэжьапщІэр 2016 гъэм, дызэрыт илъэсым и япэ мазищым зэрыхагъэхъуам теухуауэ къызэхуэсахэм я пащхьэ доклад щищІащ республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ иужь зэманым щокІуэкІ бюджетым хиубыдэ Іуэхущ1апІэхэм. Медицинэм и лэжьакІуэхэм, социальнэ лэжьакІуэхэм, школхэмрэ сабий садхэмрэ я егъэджакІуэхэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм къыІэрыхьэ хэхъуэр 2018 гъэм ирихьэлІэу ди щІыналъэм ику иту щат лэжьапщІэм и процентри 100-200-м нагъэсыну къапэщытащ.

2017 гъэм и япэ мазищым абы и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэр министерствэм къыщыпщытащ псори зэхэту цІыху мин 46-м щІигъу щылажьэ къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1апІэу 567-м.

Указыр къыззрыдэкІ лъандэрэ лэжьакІуэ гуп щхьэхуэхэм я лэжьапщІэм хагъахъуэ зэпыту йокІуэкІ. Абы папщІэ Іуэхущ1апІэхэм я къызэгъэпэщыкІэр яГэтэмэныж, лэжьакІуэхэм я Іэнатіэхэри нэхъ тэмэму къызэрагъэпэщ. Къэпщытэныгъэм нэрылъагъу ищІащ Указым и къарур зытехуэ лэжьакІуэ бюджет Іэнатіэм хиубыдэхэм я лэжьапщІэм зэрыщыту республикэм елъытауэ нэхъ псынщІэу зэрыхэхъуэр.

Къапщтэмэ, курыт еджапІэхэм я егъэджакІуэхэм ику иту иджыпсту сом 20652-рэ, зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкІуалІэ Іуэхущ1апІэхэм я педагогхэм сом 18105-рэ, курыт профессиональнэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэхэм я педагогхэм 18672-рэ, сабийхэм щІэныгъэ гуэдэн щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэхэм я педагогхэм сом 18203-рэ, сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщІэ Іуэхущ1апІэхэм я педагогхэм сом 22571-рэ, дохутырхэм сом 32935-рэ, курыт медицинэ лэжьакІуэхэм сом 17835-рэ, медицинэ лэжьакІуэ нэхъыщІэхэм сом 13347-рэ, социальнэ лэжьакІуэхэм сом 12681-рэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм сом 15328-рэ мазэ къэс къаІэрохьэ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, Указыр къызэрыдэкІрэ блэкІа зэманым хуэндэщ ирагъэкІуэ гуп щхьэхуэхэм я лэжьапщІэр хуэдэ 1,5-кІэ- 2,3-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Указыр гъэззщІэным пыщІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр финансхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщым тепсэлъыхьащ КЪБР-м финансхэмкІэ и министр **Лыхь Заур**.

Лэжьакіуэ гупым и зэІущІэм кърикІуахэм япкъ иткІэ республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм чэнджэщ ирагащ лэжьакІуэ гупхэм я Іуэху зыІутым нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъыну икІи Указым къигъэувэжэр гъэззщІэныныкІэ зэфІагъэкІ Іуэхухэр лэжьакІэ гупхэм я къыкІэлъыкІуэ зэІущІэм къыщыхалъхьэну.

ЖЭМЫХЪУЭ Лидэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ «Урысейм и гъущІ гъузэгухэмрэ» я зэдэлажьэныгъэм зеубгъу. КІуэкІуэ Ю. А. хуэзащ а ззэцухьэныгъэм и президентым и чэнджэщэгъу Гапанович В. А.

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ «Урысейм и гъущІ гъузэгухэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІуахэм и президентым и чэнджэщэгъу, Іуэхугъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуауэ щыІэ Гапанович Валентин.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ республикэм и Май районым щауху «Этана» урысей-китай промышленнэ комплексым и транспорт логистикэр зэтегъэувэным, Налшык къалэм гъущІ гъузэгу транспортымкІэ хьэльэхэр зэрыщызэрашэр гъэтэмэныным, гъущІ гъузэгу къалащхьэм дэхьным яплъыщІа Іуэхухэм.

КІуэкІуэ Ю. А. «Урысейм и гъущІ гъузэгухэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІуахэмрэ Кавказ Ищхьэрэм и гъущІ гъузэгухэмрэ я унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ Налшык къалэм щыІэ 20-нэ гъущІ гъузэгу зекІуапІэмрэ абы телъ лъэмыж ныкъуэкъутэмрэ зэхуэщІыжьныкІэ акъыпэгъу зэрыхьуам папщІэ. КЪБР-м и Іэтащхьэм жиІащ проектхэр зэщІыгъуу гъэзэщІэным хузгъэзэуэ лъэныкъуитым я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдапхъэу къыщэрилъытэр.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ КЪБР-м транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къудей А. М., «Урысейм и гъущІ гъузэгум» акционер зэгухьэныгъэ зэІуахэм и Іуэхущ1апІэм - Кавказ Ищхьэрэ гъущІ гъузэгум и инженер нэхъыщхьэ Задорин С. А. сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къапыкІыну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэгъэзэгъэжьыныкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкІа Указ №943-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къапыкІыну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэгъэзэгъэжьыныкІэ щыІэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къапыкІыну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэгъэзэгъэжьыныкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр хэщІэныным и Іэхуі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкІа Указ №943-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Тату Къ. Б. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарыр (Комиссэм и тхьэмадэщ)»;

б) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Емкъуж А. Хь.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 5-м
№71-УГ

Шинкубэ Бэгърат и щІыхькІэ

● Абхъаз Республикэ

Мы махуэхэм Абхъаз Республикэм щокІуэкІ АР-м и цІыхубэ усакІуэ, тхакІуэ, Іуэрыіуатэдж, къэрал, жылагъуэ пэжьакІуэ Шинкубэ Бэгърат къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа Іуэхугъуэкэр. Накъыгъэм и 11-м Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым щызэхэтащ нэгъуэщІ къэралхэм къикІа, бысым республикэм щыщ тхакІуэхэр, усакІуэхэр, щІэныгъэлІхэр, интеллигенцэр зыхэта щІэныгъэ-практикэ конференц. ЕтІуанэ махуэм Шинкубэ и фэеплъым деж пэкІу щекІуэкІащ, абы удз гъэгъакэр тралъхьащ. Абдеж школакІуэхэр къеджащ усакІуэм и ІэдакъэщІэкІхэм щыщ уэсхэм, апхуэдэуи Абхъаз Республикэм и Президент Хаджимбэ Рауль тхакІуэр псалъэ гуапэкІэ игу къигъэкІыжащ.

А МАХУЭМ Президентым езым и деж иригъэблагъащ Іуэхум хэтыну къызэхуэса хьэщІэхэр. Абы хэтащ АР-м и премьер-министр Барциц Беслъэн, щэнхабзэмкІэ, тхыдэщэнхабзэ щІэинхэр хъуэмэнымкІэ министр Арсалие Эльвирэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр Какобэ Адгур сымэ, нэгъуэщІхэри. ЗэІущІэм къыщыпсэльхьэм ящыщщ Адыгэ Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ Мэшбашэ Исхьэкъ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЖьэфІыцІэ Мухьэмэд, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакІуэ Къаныкъуэ Заринэ, тхакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор ХьэкІуащэ Мадинэ, Урысейм ис Адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и Іэтащхьэ Уэхъутэ Александр, КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ Шыбзыхъуэ Ларисэ сымэ. АР-м и Президентыр хьэщІэхэм яхуэупсащ Шинкубэ Бэгърат къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ ягъэхьэзыра медалхэмкІэ.

Шэджагъуэ нэужьым хьэщІэхэр Сыхъум дэт Центральнэ ГъэлъэгъуапІэ пэшым ирагъэблэгъащ. Шинкубэ щыпсэуа лъэхъэнэм къриубыдэу траха сурэт гъэщІэгъуэн куэд утыку кърихьат тхакІуэм и пхъурылъху, Абхъазым и ЛІыхъужь Микаа Ливан, къищынэмыщІауэ «Жылакіэ» романым теухуауэ сурэтыщІхэу Мацхарашвили Отар, Джапуа Батал, Кайтан Темур сымэ я ІэдакъэщІэкІхэм зы пэш хухахат, ар къаплъыхьащ. Махуэр иухащ Абхъаз къэрал драмэ театрым щекІуэкІа концерт иныкІэ. Къызэхуэсахэр нобэ кІуэнущ езы Бэгърат къыщалъхуа Члоу жылэм, ахэр хэтынущ къуажэм дэт Этнографие музейм къыщыззрагъэпэща Іуэхум.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Уэхутэ Александрэ Гъукіакъуэ Идаррэ** *трахащ.*

Текіуэныгъэ Иным и махуэм Дзэ Плъыжьым и зауэлІхэм я фэеплъхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэу щым къыщызэІуахащ. А Іуэхум иращІэкІа дауэдапщэхэр щекІуэкІащ Дзэлыкъуэ районым щыщ ЯтІэкъуэ къуажэм, Шэрэдж районым щыщ Къэщкъэтау поселкэм, Лэсхэн районым щыщ Урыху къуажэм.

ЗАУЭМ щыщІидза махуэм щегъэжьауэ ЯтІэкъуэ икІыу абы кІуа цІыху 68-м ящыщу 48-м къаГэззжакъым.

Къэщкъэтау деж щекІуэкІа зауэ гуащІэм 37-нэ армэм хьыбэ етІуанэ гвардейскэ дивизием и сэлэтрэ офицеру хэкІуэдахэм я цІэхэр тратхащ а жылагъуэм къыщыдзэІуахэ обеликсым. 1942 гъэм жэпуэгъуэ мазэм абдеж я псэр щатащ совет зауэлІу 350-м щІигъум.

Урыку къуажэм къыщызэІуаха фэеплъыр хуагъэпсащ а жылагъуэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэта икІи Текіуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ щрикъур зымыльэгъуа цІыхуи 190-м.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

® Ди къуэш республикэхэм

Депутатым и гулъытэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм и цІэкІэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Хьэсанэ Мурат Адыгеймэ и Сабий унэм щыІащ.**

ДЕПУТАТЫР Іуэхущ1апІэм и гъэсэн цІыкІухэмрэ лэжьакІуэхэмрэ епсэльащ, абы сабийхэм тыгъэ яхуищІащ щыщыгъэм фэилъхьэгъуи 100.

Адыгейм Узыншагъэр хъуэмэнымкІэ и министерствэм щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, Сабий унэм мы зэманым щыкІу 25-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу зи узыншагъэкІэ сэкъат зиІэхэм зыхуей псори хуащІэ, йоІэзэ.

Нэхъыжьхэм ядоІэпыкъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Хэку зауэшхуэм и ветеран 24-м, абы зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэр, зауэм хэкІуэдахэм я унагъуэхэм щыщхэри хьыхьэу, унэ къащэхун папщІэ ахъшэ иратынущ. А Іуэхум хухахащ сом мелуан 28-м нэблагъэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэмрэ правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритымкІэ, мы гъэм мэлыжьыхьым и 20-м тещІыхьауэ къапщтэмэ, КъШР-м щопсэу Хэку зауэшхуэм и ветеран (абы хуагъэдахэри хьихьэу) 3387-рэ.

«Иужьрей уэзджэнэм» зыхуагъэхьэзыр

АБХЪАЗ. **Республикэм и школхэм гъэ еджэгъуэм и кІэм зыхуагъэхьэзыр.**

АБХЪАЗЫМ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Генгелие Медея зэрыжиІамкІэ, мы гъэм школакІуэхэм «иужьрей уэзджэнэр» къахуеуэнущ накъыгъэм и 26-м. Абхъазым и еджапІэхэр мы гъэм къаух ныбжьыщІэ мин 27-м. Абыхэм ящыщу 9-м дыщэ медалыр къахьыфыну хуагъэфащэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизион

Щэщ1рэ ебланэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «Мордовия» (Саранск) Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 14. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

● Махуэшхуэ зэхуэсхэр

ХэкIуэдахэр ягу къагъэкIыж

Налшык къалэм и клиникэ сымаджэщ №1-м и лэжьакIуэхэм ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм ирихьалIэу удз гъэгъахэр тралъхьащ медицинэм и лэжьакIуэу Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым. Ар илъэс 30 и пэкIэ дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ я мылькукIэ яуухащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, зэхыхьэр ирагъэжьэным и пэ кьихуэу, къызэхуэсахэр зауэм хэкIуэдахэм зы дакъикъкIэ яхуэщIыгъащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр **Расторгуевэ Светланэ** и лэжьэгъухэм ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ щехьэхъум, кьыхигъэщащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ дохутыр, медсестра щэ бжыгъэхэр фронтым кIуэри, я къалэнхэр щыхь пылъу ягъэззэщIащ. Къалэм и клиникэ сымаджэщ №1-р, мы гъэм илъэси 105-рэ ирикъур, Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр щрагъэфакIуэ и IуэхущIапIэ нэхъ жьы дыдэхэм ящыщщ. Зауэ зэман гугуэхэм щыгъуэ ар икIи Урысей Ипщэм и сымаджэщ нэхъ ин дыдэхэм хабжэрт. Абы уIэгъэ хъуэ зауэлI мин бжыгъэхэм я узыншагъэр щызэтрагъэувэжьырт, фронтым Iухьэжьын папщIэ. Ди дохутыр, медсестра зыбжанэ зауэм къикIыжакъым, ауэ абыхэм зэрахьа лIыгъэр зыщыдгъэгъупщэркъым. Хабзэр, нэхъыжьхэм я фэеплъыр зыбзымэ гупым фIыщIэ фхуэфащэщ».

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Хъубий Марат** бжыгъэ шынагъуэкIэ зэIуIэм къыщихьащ: «Хэку зауэшхуэм и зэманым хэкIуэдащ е хъыбарыншэу кIуэдащ медицинэм и лэжьакIуэ мин 85-рэ. Абыхэм ящыщу мини 5-р дохутырт, мини 9-р медсестрат, мин 71-р санитарт. ЗауэлIхэм яужькIэ нэхъыбэу хэкIуэдар медицинэм и лэжьакIуэхэращ. 1941 гъэм фронтым Iухьа санинструкторхэр абы зэрыIутыр, ику иту къапщтэмэ, секунд 40-т. Ар ящIэ пэтми, уIэгъэ хъуэхэм псэемыблэжу ядэIэпыкъурт, губгъуэм кърахырт».

ЗауэлI фащэхэр ящыгъэуу, Налшык къалэм и клиникэ сымаджэщ №1-м и лэжьакIуэхэм я бынхэр Хэку зауэшхуэм техуха усэхэм кьеджащ, балигъхэм я нэпсхэр кърагъакIуэу.

ЗэIущIэ неужьым гупыр лъагъунлъагъу щыIащ зауэм и ветеранхэу, сымаджэщым куэдрэ щылэжьахэу Лопатькэ Александрэ, Падалкэ Валентинэ, Коневэ Еленэ сымэ я деж.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапл Iэ.

Фэ фхуэзфIэкIар тщыгъупщэнукъым

Хэку зауэшхуэм и гугуэхьэр зытеза нэхъыжьыфIэхэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми уегуэпэныр, абыхэм дзрэжэгъуэ ептыныр уасэ зимыIэщ. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр щагъэлъапIэм хиубыдэу Дыджэш Лидэ зи унафэщI Цыхубзэм я Налшык советымрэ къалащхьэм и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэмрэ щыхьэрым дэт сабий макъамэ школ №2-м зэIущIэ гуапэ щрагъэкIуэкIащ.

ЦIыХУБЗХЭМ я советым хэтхэм, КъБКъУ-м и медицинэ колледжым и студентхэм, къалэм и курыт еджапIэ №12-м и сабий сад №5-м и гъэсэн цIыкIухэм хьэщIэ лъапIэхэр гуапэу кърагъэблагъэ, гвардейскэ лентIхэр, саугъэтхэр хуагуэшри, пэш хуитым щрагъэтIысэкIащ.

- ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр дзтхэнэм и дежкIи лъапIэщ, нэгъуэщI къэрал политикхэм абы и мыхьэнэр ирагъэлъаухьэхыну яужь иту зыгъэрхэр жаIэми. Нобэрей ди хуитыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ я псэ емыблэжу кьыхуэзызыэжа ди нэхъыжьыфIэхэм фIыщIэ, пщIэ лей яхуэфащэщ. Зауэ лыгъэм и илъэсхэм пхьIэ, лэжьыгъэшхуэ зи фэм дзэзыгъэхуа нэхъыжьыфIхэр ди щIалэгъуалэм фращапхъэщ. Сыт хуэдэ гугуэхьэм фыкьызэфIимыгъащIэу фыкъэгъуэгурыкIуащи, адэкIи узыншэу, гупсэхуэ гъуэ вгъуэту куэдрэ фытхуэпсэну си гуапэщ. Ди мамырыгъэм, Хэкум и хуитныгъэм зи псэр щIэзытахэр дэ ззи тщыгъупщэнукъым, - захуигъэзащ Iуэхугъуэ гуапэм кърагъэблагъэхэм Дыджэш Лидэ.

Цыхубзэхэм я Налшык советымрэ къалащхьэм и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэмрэ я гуащэм фIыщIэ яхуищIащ, махуэшхуэ зэхьыхьэр щекIуэкI еджапIэм и унафэщI Османовэ Марьянэ, къыхалъхьэ жэрдэмэр сыт щыгъуи къадзэзыIыгъ, Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкIыныкIэ зэкъыщIэзыгъакIуэ СКГИИ-м и колледжым и егъэджакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артисткэ Таукеновэ Галинэ, «РКК» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Анчековэ Лидие, «Чистоля» тыкуэным и гуащэ Шахновэ Екатеринэ, Цыхубзэм я советым хэтхэу Азычэ Лидие, Елдар Риммэ сымэ.

Къызэхуэсахэм я гукъэкIыжхэмкIэ ядэгуэшащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Куманин Павел, а зэман хьэлъэм лэжьа Половининэ Верэ сыма.

Махуэшхуэ зэIущIэм кърагъэблагъахэм я гукъыдэжьи къаIэтащ Таукеновэ Галинэ и студентхэм ягъэхьэзыра концертымкIэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Мамырыгъэм къыхуезыджэщ пхъэм къыхэщIыкIа танкыр

Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъуэгу колледжым и пщIантIэм накъыщIэм и 5-м щекIуэкIа пэкIуэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 72-рэ щрикъум траухуат.

ЗэХЫХЬЭМ хэтащ а еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэр, абыхэм я гъэсакIуэхэр, я адэ-анэхэр, дзэм къулыкъу илъэс куэдкIэ щезыхьэкIа нэхъыжьыфIхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэщIэпщIыпщIэу дыгъэпсым «игъэпскI» пщIантIэ гъэщIэрэщIам щызэзрихьэлIа цIыкуэхэр зы Iуэхугъуэшхуэ гуэр щхьэкIэ зэрызэхуэсар нэщхьыфIагъэрэ гушхуагъэрэ кьызэрыщ я нэгу зэлъытIухаХэмкIэ къапщIэрт.

ТекIуэныгъэ Иным ирырагъэхьэлIа пэкIум щыIуа усэхэм, уэрэдхэм, щыжаIа хъуэхъу дахэхэм хьэщIэхэмрэ «бысымхэмрэ» я гукъыдэжьым нэхъри закъригъэIэтащ, щызэхуэса щхьэусыгъуэм и инагъэр зыхрагъэщIащ.

Зэхьыхьэм къекIуэлIахэм псом нэхърэ нэхъ щIэщыгъуэ ящыхьуари яго щыщIэрэ ящыгъуэ, ящыхьуари яго щыщIэрэ ящыгъуэ. Ахъшэ зэрыщIэ зэкIэ paIylIa, танк теплъэ зиIэ ухуэныгъэ теплъыджэрат.

- Мыр зыщIари, нобэрей пэкIум нэхъыбэу къетшэлIари 1-нэ курсым щеджэхэращ. Дэ дыхущIэкъуащ а цIыкIухэм зауэм и хуэмэжбжьымэхр нэхъ зэрызэхедгъэщIэнкIэ, апхуэдэ гуауэ дяпэкIэ къэдгъэхъу зэрымыхъуумэм ахэр зэредгъэгупсысыным. Зэрытлъагъущи, абыхэм ящыщ куэдым а адэшхуэхэм я адэжхэм, зауэм щыIахэм, хэкIуэдахэм, я сурэтхэр яIыгъщ, - жиIащ Iуэхум и кьызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэ, егъэджакIуэ Бэрэ Эжаныр.

Зэхьыхьэр къыззэгъэпэщахэм, езыгъэкIуэкIахэм хъуэхъу псалъэкIэ зыхуагъэзащ дзэм кьыхэкIыжа, полковник Романенкэ Борис, Афганистаным щызэуахэм яхэта Абэнокъуэ Владислав сымэ, нэгъуэщIхэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ЗэIущIэхэр

ЩIэпхъаджащIэхэм я Iэмалыщ Iэхэр

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкl Iэ щыIэ министерствэм щекIуэкIащ иджырей хъыбар-коммуникацэ Iэмэпсымэхэр кьагъэсэбэпу ялэжь щIэпхъаджагъэхэр сэтей къэщIыным, апхуэдэхэр Iэмыгъэхъуным теухуа семинар-зэIущIэ.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м щыIэ МВД-м и Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр, республикэ прокуратурэм, Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и Краснодар университетым Урысей МВД-м и лэжьакIуэхэм я Iэщ Iагъэм щыхагъахъуэ и Кавказ Ищхьэрэ институтым я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ хъыбар-коммуникацэ Iэмэпсымэхэр кьагъэсэбэпу ялэжь щIэпхъаджагъэхэм упэщIэтыным пыщIа гугуэхьхэмрэ абыхэм уаэзрыпэщIэтыфыну щыкIэмрэ.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкl Iэ щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапл Iэ.

● Тхылъыщ Iэ

Адыгэбзэр зэрызэбгъэщIэн макъылъэ

Иджыблагъэ дунейм къытехьащ Тхыдэмкl Iэ, филологиемрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкl Iэ институтым Кавказ Ищхьэрэм и лъэпкъхэм я литературэмрэ Iуэрыlуатэмкl Iэ и кафедрэм и доцент, филологие щIэныгъэм я кандидат Абазэ Албэч игъэпса «Адыгэбзэ макъылъэ» мультимедие проектыр.

ПСАЛЪЭМ я гъэIукIэм уедаIуэ, уеплъ, я тхыкIэхэр тыншу зэбгъащIэ хъуну ухуащ ар. Адыгэ псалъэхэм я мызакъуэу, хамбзэм щыщу ди бзэм къыхыхьахэри щызэпкърыхащ абы.

Проектыр зи жэрдэмри, «Адыгэбзэ макъылъэм» ит псалъэхэр кIыхьэзыхари, къеджэри Абазэ Албэчщ, цIыхубз макъкIэ псалъэхэр зыгъэIуар Туркум хыхьэ Кэйсэр кьалэм дэс КъарэщIыкIу Илькайщ.

Адыгэбзэр зззыгъэщIэну щIэхъуэпсэ куэдым Абазэм и лэжьыгъэщIэр кьахуэдщхьэпэну дыщогугъ. «Адыгэбзэм и макъылъэр» кьыщыкIэгъэтынущ мы интернет напэкIуэцIым http://www.l.kbsu.ru/docs/if/nanum_i_bza.ppsxA.

Бзэм зегъэужьыным хуэлажьэ Абазэм и Iэдакъэщ Iэкl куэдкIэ яджыри лъэпкъыр игъэгуфIэну ди гуапэщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Iэщэ яIэну хуитныгъэ зратахэм и зэманым зрагъэтхыжын хуейщ

Урысей гвардиемкIэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм лицензэ лэжьыгъэмкIэ и центрым къызэритамкIэ, унэм Iэщэ щахъумэну, зэрахьэну тхылъ зиIэхэм зыщагъэзгъупщэ хъунукъым кърата хуитныгъэм и пIалъэр икIыным зы мазэ мынэхъ мащIэ иIэжу щIэрыщIэу зрагъэтхыжын зэрыхуейр. Абы папщIэ лицензэ лэжьыгъэмкIэ Iэнатlэу Iэщэр щрагъэтхам щызэрыщIэу иратыжын хуейщ аргуэру зрагъэтхыжын папщIэ законым кьигъэув документхэр.

АПХУЭДЭ пIалъэм кьриубыдэу Iэщэр щIэрыщIэу ешыыгъэтхыжахэр административнэ жэуапым ирашэлIэнущ Урысей Федерацэм Административнэ къэушагъэхэмкIэ и кодексым и 20.11-нэ статьям и Iыхьэ 1-м е 20.8-нэ статьям и Iыхьэ 4-м япкъ иткIэ. Абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, къуаншагъэ зылэжьахэм сом мини 3-м нэскIэ етхьакъунущ.

Абы къыдэкIуэу, гвардиемкIэ управленэу КъБР-м щыIэм лицензэ Iуэхухэмкl Iэ и центрым къитащ Iэщэ къащэкуну хуит ящIа цIыкуэ щхьэхуэхэмэ Iуэхущ Iапl Iэхэм я документхэр электрон теплъэ яIэу зэрагъэкIуэну хуиту. Абы папщIэ къэкIуэсэбэпын хуейщ къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я портал зэгуэтыр.

ЗэIущIэм къызэращэхум, зэрызэрахьэм, зэрызэблагъэкIым теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ Урысей гвардиемкIэ управленэу КъБР-м щыIэм лицензэ Iуэхухэмкl Iэ и центрым. Телефонхэр: 49-56-13, 49-56-07.

Урысей гвардиемкIэ управленэу КъБР-м щыIэм цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ Iапl Iэхэм ядэлэжьынымкIэ и Iэнатlэ.

● Хъыбарегъащ Iэ

«Вагъуэ цIыкIу» фрегъэблагъэ

Ди къэралым и щыпIэ куэдым екъулIэныгъэ яIэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа, хэгъуэгу, урысейпсо зэпеуэхэм пашэныгъэ щызыубыда, щапхъэ зытрах «Вагъуэ цIыкIу» сабий къэфакIуэ ансамблыр къызэрызэрагъэпэщэрэ илъэситху щрикъум ирихьэлIэу нэгуэныкъо концерт зэхешэ.



ЛъэпкъымI и напщIэ телъ къафхэр екIуу утыку изыхьэ сабий ансамблыр зэрызэхашэрэ куэд мыщIами, бэм я лъагъуныгъэр къэхьэхуи яхуэзфIэкIащ. Гупым и художественнэ унафэщIыр Къурашэ Эдикщ.

Налшык дэт Музыкэ театрым гукъыдэж зиIэ псори накъыгъэм и 17-м фрагъэблагъэ. ЩIыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 13, *щIэбэт*

♦УФ-м и Тенджызь ФIыцIэ флотым и махуэщ. 1783 гъэм тенджызь ФIыцIэм къыщызэрагъэпэщащ Урысей флотыр.

♦1754 гъэм пащтыхь гуащэм, Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ, унафэ ищIащ Урысейм ятIэ къэрал банк къыщызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦1829 гъэм Пушкин Александр Москва кърагъэкIри, Кавказым щызаУэ дзэм хагъэхьащ.

♦1836 гъэм Урысейм ухуэн щыщIадзащ къэралым щыяпэ гъущI гъуэгур, Петербург - Царское Село - Павловск щыпIэхэр зэпызыщIэнур. Километр 26-рэ зи кIыхьагъ а гъуэгур къызэIуахат 1837 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м.

♦1888 гъэм Бразилиеми кьыщащтащ цIыхухэр ягъэпщылIу мыдэным теуха унафэ.

♦1913 гъэм Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщIэхэм зыкъыщаIэтащ.

♦1921 гъэм ЦIыхубэ комиссархэм я советым унафэ ищIащ цIыхухэм зыщагъэпсэхуну, я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъыну унэхэр РСФСР-м къыщызэIухыным теухуауэ.

♦1927 гъэм Киев къыщызэрагъэпэщащ «Динамо Киев» футбол командэр.

♦1991 гъэм Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием (ВГРТК) лэжьэн щIидзащ.

♦2000 гъэм Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ федеральнэ щIыналъхьэ УФ-м и Президентым и ИнформацIэ

Щ1эныгъэл1 ц1эрыуэ, ц1ыху щ1ыпкъэ Иуан Пётр 75

Лъэпкъ узэщ1ак1уэхэм ящ1ыщ

**Дэтхэнэ лъэпкъри щ1охъуэпс и ц1эр зы1этын, фыкI3 зы-гъэ1ун ц1ыху къаухэк1ыну. Адыгэхэм ди насып къ1ихьри, дыз3эрыгушхэн ц1ыху щ3джащ3 куэд ди щ1ыгум къ1ухьащ. Апхуэдэхэм ящ1ыщ щ1эны-гъэл1 ц1эрыуэ, жылагъуэ лэжьак1уэ I3к1уэлъак1уэ, л1ы-гъэшхэрэ хабзэрэ зыхэлъ Иуан Пётр Мацэ и къуэр. Щ1эны-гъэхэмк1э Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1эны-гъэ центрым и къ1ызэгъэпэщак1уэ ик1и абы и унафэщ1, Къэбэрдей-Балъкъэрым Ин-форматикэмрэ щ1ыналъэ упра-вленэмк1э и институтым и щ1ныгъэ унафэщ1, техник щ1ныгъэхэм я доктор, профессор Иуаныр лъэпкъ щ1ныгъэм зегъэузэщ1ыным къарууш1уэ езыхьэл1эхэм ящ1ыщ1.

● Дифl догъэлъапlэ

ИУАНЫР 1942 гъэм накъыгъэм и 15-м Старэ Шэрэдж къуажэм къ1 щ1алъхуащ. И сабиигъэр Хэку зауэшхуэм и ильэсхэм хиубыдэу, а лъэхъэнэм пыщ1ауэ щ1ыта бэ-лыхьхэр, езым хуэдэ ц1ык1у куэдым ещхьу, зыхищ1ами, дунейр фI3I3эру, дык1эзыуэхуереих псори и щ1эщ1-гъуэу къэтэджащ ар. Пётр зэры-жи1эмк1э, апхуэдэу къ1ызэрых1уар, дауи, я фIыщ1эщ и адэ Мацэрэ и анэ Гуащ1эрэ. Зэщ1ыкъэгъуэсэхэм я унаг-гъуэшхуэм я сабий еянэт ар. И анэ-къ1ильхуэр балигъ хуауэ дунейм къ1тех1ами, сабий к1асэр ягъэсэ-хуакъым, атI3, адрейхэми зыгуэ, унагъуэк1э къ1ап1эн гуэрхэр и1эрэ ар г3ззэщ1эным жэуапльныгъэ хэлъу бг3эдыхьэщ1 зэрагъэсар.

- Ди унагъуэшхуэм къ1ыдита фы-гъуэхэм ящ1ыщ1 ди лъэпк1э хабзэр, адыгэ нэмысыр тхэлъу дык1эгъэ-джыныр, лэжьыгъэм ф1ыримык1уэ-тыныр, лъэпощхьэпохэр къ1ызэ-нэк1ыныр. Абыхэм дыщ1ап1ык1ащ ц1ыху зэхущытык1э и лъэныкъуэк1э г3ащ1э щапхъэ тхуэхуа ди адэ-анэм. Согупсысыжри, абыхэм хуэдэу гъэса, шы1эныгъэ, хабзэ, пщ1э зыхэлъ щ1ымы1эми ярейт, - и сабиигъуэр игу къегъэк1ык Иуа-ныи. - Си зыужьыныгъэк1э, акъы-лым къ1ызэ1ив1ыбдзэ къэухьк1э, жып1энурамэ, гъэугуг3ьагъуэ схуэхъуар ди Тхъэр, дык1ъэзыухъу-реихь щ1ыуэпсыр, езы дунейр арауэ к1ыщ1ек1ынщ. Зыми къ1ызжи1акъым фI1уэ ед1жэн хуейуэ, зы лъагапI3 гуэрхэм сыхущ1эк1ун хуейуэ, I3мал имы1эу щ1эныгъэл1, I3щ1ал3эл1 сы-хъун хуейуэ – сы3эригу1эмк1э, апхуэдэ нэхъуеинш3гъэ ц1ыхум ныкъ-дал3ку (е къ1ыдал3ку1ыкъым). Уеблэ-мэ школым сы3эрыщ1эт1ысхьар ди дейхэм къ1ыщ1ар абы сык1уэу зезг3этха нэужь щ.

Зи анэр г3эфIэгъэц1эу «П1ыт1эк1» з3джэу къэхъуа щ1ал3 ц1ык1ум и п1эжьыпI3к1э и ц1э дыдэр Заурбэчт, арщхьэк1э абы емыса сабийм и ц1э-унэц1эмк1э школым къ1ыщ1ыдэ-упщ1ым жи1ащ Иуан Мацэ зэрик-1уэр, и анэри «П1ыт1эк1» къ1ызэ-редж3р. Абдеж къ1ыщ1ыдэзэри, я п1эщ1ык1э «Петя» хъуащ, иужьк1э «Пётр»-м хэк1уащ. Нобж ар куэдым къ1ызэрац1ыхур апхуэдэущ.

Курыт школым фIы дыдэу щ1эджащ Иуаныр. Еджэным нэмыщ1, школым щ1ек1уэк1 нэг3ущ1 сыт хуэдэ I3эхуэхэмк1и щ1ипэрытт. И ныбжьхъэм я деж пщ1э щ1ыщ1эти, Иуаным ныкъ1ихьхъэ сыт хуэдэ жэр-дэмри абыхэм къ1ыдаI3ъыр. Апхуэдэу «Тимуррэ абы и гупымрэ» фильмым еплъа нэужь, а з3гу-хьэныгъэ ц1ык1ум хуэдэ я жьл1эм къ1ущ1ызэригъэпэщат абы ик1и зи ныбжь хэк1уэтахэм ядэ1эпыкъуэгъ псапэ зыпыльхьэ л3жьыгъэ куэд з3фIих-хащ.

Л1эщ1ыгъуэ блэк1ам и 50 - 60 гъэхэм ди къэралым и дэнэ щ1ыпIэм къ1ущ1ежьат школ производственнэ бригадэхэр. Старэ Шэрэдж къуажэм 1958 гъэм къ1ущ1ызэрагъэпэщ-апхуэдэ ныбжьыщ1э гупым я пашэу щ1ытащ Пётр, ех1ул1эныгъэхэр я1эу колхоз губгъуэм щ1ылэжьащ. Шко-лак1уэхэм з3рахьа нартыху гектар 30-м гъавэ бэ къ1ызэрытрахам папщ1э, колхоз правленэм къ1ыб-гъ3дэк1 сых1эти тыгъэ къ1ухуащ1ат. Къ1инэмыщ1ауэ, школым и пионер, комсомол з3гух1эныгъэхэм я унафэщ1уэ ек1уэк1ащ.

Иуаныр хуабжьу дихьэхырт спортымрэ физкультурэмрэ. Атлетик3 псынщ1эр, хьэлъэр, бэнэк1э хуитыр зыхилъхьэ щымы1эу фIэфIт. Абык1э спортымк1э мастер х1уауэ щ1ытащ ар.

Зэдж3 предметхэм ящ1ыщ Пётр нэхъыбэу д3зыхьэхьр физикэмрэ математикэмрэти, а щ1эныгъэхэм нэхъ кууэ хуеджэн мурадк1э 1959 гъэм щ1эт1ысхьащ КъБК1ъУ-м математикэмк1э и факультетым.

- Щ1эныгъэхэм я пащтыхь гуащэ есэпыр сыт хуэдэ з3мани апхуэдэу къ1онэж. И1джыри сыстудентуэ сэ мурад сщ1ащ си г3ащ1эр щ1эныгъэ-къ3хутэныгъэ I3эхуэхэм хуэз3гъэпсыну, - студент и1ьэсхэм топсэльыхь Пётр. - А1ъэхъэнэм сыдих3хащ Совет Союзым «щ1эныгъэ нэпцIу» и1ьэс куэдк1э къ1ущ1ал3ыта киберне-тикэм. А щ1эныгъэм зегъэужьыным нэхъыбэу щ1ел3кыр Киевт, елэжьри академик ц1эрыIуэ Глушков Викторт. Къ3зг1уэтри сер-сэру з3джэу щ1ытащ а едж3-гъэшхуэм и «Цифровой автоматхэм я синтезыр» тхьилъ гъэщ1эгъуэныр, нэг3ущ1эщ1эрэ. Кибернетикэм, ком-пьютер технологием я з3фIэ-к1ыш1уэхэм, абыхэм я къэхУуну л3ущ1ым з3уэ дихьэха сэ зык1и сы-к1ыпIуэг3эувыл1эжьнутэкъым - абы-хэм кууэ сы3эрыхуедж3нур си гурылъ быдэт.

КъБК1ъУ-р ех1ул1эныгъэк1э къэ-зыуха щ1ал3щ1эр ерыщу яужь.ихьащ и мурадыр з3рыригъэх1ул1эным. Ильэс куэд и пэк1э, и сабиигъуэу, тегушхуэу и закъуэ школым з3ры-щ1эт1ысхьам хуэдэу, щ1ныгъэм хуэнэхъуеинш3 адыгэ щ1ал3р ныкъ-щ1ыщ1идз3щ Украинэм Щ1эны-гъэхэмк1э и Академием Кибернети-кэмк1э и институтым и бжэ1упэм. Ди къэрал псом щ1ыщу I3щ1ал3эл1 ныбжьыщ1э нэхъыф1 дыдэхэрат абы и аспирантурэм щ1эт1ысхьэфыр, сыту жыпI3мэ, абы щ1эзрагъэг3ъуэт щ1эныгъэ л3ъагэр дунейпсо мардэм къит1ас3у, дунейпсо утыку уизыщэ-фу щ1ытти. Тхьэм фIыуэ къ1ильэгъуа щ1ал3щ1эм абдежми къехъул1ащ и хъуэпсапI3р: 1965 гъэм ар хъуащ зи гугъу тщ1ы институтым и аспирант. Академик Глушковыр и унафэщ1у къ3хутэныгъэ хьэлэмэт куэд ири-гъэк1уэк1ащ, щ1эныгъэ статья зы-жанэ итхащ, ахэр и лъэбжьэу игъэхьэзыращ и кандидат л3жьы-гъэри. А диссертацэр 1972 гъэм ех1ул1эныгъэк1э пхигъэк1ащ ик1и физико-математикэ щ1эныгъэхэм я кандидат цIэр къ1ыфIащащ.

